Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON ATACHE LAPRÈS DANI LEVER

“Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la (New York State Public Service Commission) kòmanse aksyon jidisyè kont Spectrum Media Company pou vyolasyon potansyèl kontra franchiz li an. Eta a te apwouve akizisyon Spectrum ak kapasite li pou li opere nan New York, sa te baze sou ekzekisyon kèk obligasyon, sa enkli ofri aksè entènèt gwo vitès bay zòn ki san sèvis nan Eta a ak prezève yon mendèv kalifye.

Gouvènè a kwè li esansyèl pou konpayi k ap fè biznis ak Eta a respekte angajman yo, epi nou pa pral tolere pratik pwofitè nan men konpayi yo oubyen mank nan livrezon sèvis bay moun yo.

Gwo konpayi ki gen pouvwa ap resevwa menm estanda tankou tout lòt biznis nan New York. Franchiz Spectrum lan se pa yon kesyon dwa, men li se yon lisans ki gen obligasyon legal epi si yo pa ekzekite yo, yo ta dwe revoke lisans sa a”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU